# Баскетбол бойынша Қарақалпақстан сайланды командасы «Универсиада-2020» спорт жарысларының финал басқышында 1-орынды ийеледи

Усы жылдың 21-24-декабрь күнлери аралығында Бухара ўәлаятында «Универсиада-2020» спорт жарысларының баскетбол бойынша ҳаял-қызлар сайланды командалары арасында финал жарыслары болып өтетуғынлығы ҳаққында хабар берген едик.

Image not found or type unknown

Финал жарысларына регионаллық басқышларда жеңимпаз болған Ташкент, Ферғана ҳәм Сурхандәрья ўәлаятларының сайланды командалары менен бирге Қарақалпақстан Республикасы сайланды командасы да қатнасты. Республикамыз сайланды команда ағзалары тийкарынан Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты ҳәм Қарақалпақ мәмлекетлик университети студент қызларынан ибарат болды.

Дәслепки ойында Ташкент ўәлаяты командасын 71:48 есабында, кейинги ойынларда болса Ферғана ўәлаяты командасын 68:48 ҳәм Сурхандәрья ўәлаяты командасын 77:21 есабында жеңип шыққан жерлеслеримиз «Универсиада-2020» финал жарысларының жеңимпазы болып, 1-орынды қолға киргизди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги